

PWOGRAM LIVREZON MANJE

ABCD A

Kesyon Yo Poze Souvan yo (FAQ)



Salitasyon!

Mèsi pou patisipasyon w nan Pwogram Livrezon Manje ABCD a. Atravè pwogram sa a, ou resevwa livrezon pwodwi alimantè chak mwa nan men Stop & Shop. Yo livre manje a dirèkteman devan pòt ou. Kesyon sa yo poze souvan yo esplike fason pwogram nan fonksyone ak sa pou fè si ou rankontre nenpòt bagay ou bezwen asistans pou li.

*Ak tout kè nou,
Ekip Livrezon Manje ABCD A*

KONTAKTE NOU!

fooddelivery@bostonabcd.org

617.348.6222

bostonabcd.org/fooddelivery

Chak kilè m ap resevwa livrezon yo?

Ou pral resevwa yon livrezon yon fwa chak mwa.

Kilè livrezon yo kòmanse?

Yo kòmanse fè livrezon yo nan dezyèm semèn konplè nan mwa a. Prevwa yon apèl oswa yon imèl nan men pèsònèl ABCD a konsènan livrezon ki pwograme pou ou a. Si ou pa te resevwa yon koutfil rapèl

oswa yon imèl rapèl konsènan dat livrezon manje ki pwogramme pou ou a, Tanpri rele liy telefòn dirèk pwogram livrezon Manje ABCD a 617.348.6222. Youn nan pèsonèl nou an ap kapab ede w.

Ki kantite manje m ap resevwa chak mwa?

Ou pral resevwa plizyè sachè pwodwi alimantè ki gen valè apeprè \$100 chak mwa.

Èske yo pral fè aranjman pou restriksyon alimantè m yo?

Wi, nou pral fè aranjman pou restriksyon alimantè w yo. Lè ou te aplike pou pwogram nan, ou te endike sa nan aplikasyon w lan. Si w ta renmen enfòme nou konsènan restriksyon alimantè w yo, tanpri kontakte nou. Nan ka sa a nou ka asire nou fè aranjman pou bezwen w yo. Sa nou ka bay yo depann ak sa ki disponib nan depo Stop & Shop la.

Ki kalite manje ki nan kòmann lan?

Ou pral resevwa yon panye manje ki gen pwodwi fre, pwodwi letye, vyann, ak lòt bagay esansyèl ou chwazi. Epitou nou bay divès pwodwi netwayaj pou kay tankou sèvyèt an papye, likid pou lave vesò, papye twalèt ak eponj.

Èske m ka chwazi sa m vle oswa èske genyen yon lis?

Pou premye livrezon ou an, ou pral resevwa yon meni estanda yo modifye pou reponn ak bezwen alimantè ou te eksprime yo. Ou ka chanje panye w la chak mwa, men ou pa oblige fè sa. Si ou pa fè chanjman, w ap resevwa menm panye ak mwa pase a.

Èske m ka modifye kòmann livrezon manje a?

Wi! Ou ka fè 3 - 5 chanjman nan panye w la chak mwa. Ou pa oblige fè chanjman. Si ou pa fè chanjman, w ap resevwa menm kòmann ak mwa pase a. Nou pral eseye fè tout sa nou kapab pou fè aranjman pou plis demann, men nou pa ka garanti nou ka fè tout chanjman ou mande yo.

Kilè livrezon m nan ap rive?

Livrezon yo jeneralman fèt 2yèm ak 3yèm semèn konplè nan mwa a. Nou pwogramme livrezon yo pou madi - vandredi nan semèn sa yo. N ap kontakte w nan imèl, mesaj tèks oswa apèl nan telefòn 1 semèn anvan dat ak lè livrezon w lan. Apresa ou ka konfime dat ak lè a oswa repwogramme livrezon an. Si ou pa te resevwa yon rapèl konsènan dat livrezon manje ki pwogramme pou ou a, Tanpri rele liy telefòn dirèk pwogram livrezon Manje ABCD a 617.348.6222. Pèsonèl nou an ap kapab ede w.

Èske m dwe lakay mwen pou resevwa livrezon an?

Wi, ou dwe lakay ou pou resevwa manje a. Stop & Shop p ap kite manje a si ou pa la pou resevwa l. Si ou p ap lakay ou, tanpri kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a nan telefòn oswa nan imèl.

Kijan m ka chanje dat ak/oswa lè livrezon m nan?

Si ou ta renmen chanje dat oswa lè livrezon ki pwogramme a, tanpri kontakte pwogram Livrezon Manje ABCD a nan telefòn oswa nan imèl. Nou pral travay avèk ou pou pwogramme livrezon an pou yon dat ak yon lè ki bon pou ou.

Kisa k ap rive nan jou livrezon an?

Nan jou livrezon an, ou dwe lakay ou pandan entèval tan livrezon an pou resevwa manje a. Lè chofè Stop & Shop la rive, I ap rele w pou fè w konnen li rive ak manje a. Apresa li pral swiv enstriksyon livrezon yo epi I ap ba w manje a.

Èske se ABCD ki livre manje a ban mwen oswa èske se Stop & Shop?

Stop and shop fè livrezon manje a. ABCD fè patenarya ak Stop & Shop PeaPod epi yo fè sèvis livrezon yo. ABCD jere planifikasyon livrezon yo epi travay pou asire livrezon an reyisi.

Èske M Ka Kontakte Stop & Shop konsènan livrezon m yo?

Tanpri kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a olye Stop & Shop konsènan livrezon w yo. Ekip Livrezon Manje ABCD a ap anmezi pou ede w.

M ap tann yon livrezon jodi a, men li pokò rive. Kisa m ta dwe fè?

Tanpri kontakte ekip Livrezon Manje ABCD a nan telefòn oswa nan imèl. Si li toujou nan entèval tan livrezon an epi ou pokò resevwa manje ou an, nou ka ba w yon tan egzat konsènan lè I ap rive a. Si se apre entèval tan livrezon an, tanpri fè nou konnen. Si nou bezwen repwogramme livrezon w lan, pou nenpòt rezon, se sèten nou ka ede w.

Kisa m dwe fè si m rate livrezon m nan?

Si ou te rate livrezon w lan, Tanpri rele liy telefòn dirèk pwogram livrezon Manje ABCD a 617.348.6222. Pèsonèl nou an ap kapab ede w epi pwogramme livrezon an pou yon lòt lè.

Kisa m dwe fè si m gen yon pwoblèm ak kòmann mwen an?

Keseswa se kòmann lan, oswa pwosesis livrezon an li menm, toujou kontakte Ekip Livrezon Manje ABCD a nan telefòn oswa nan imèl. Si ou te remake gen kèk bagay ki manke nan kòmann ou an, kèk bagay ki pa disponib, oswa yon bagay konsènan livrezon an. Tanpri kontakte ekip Livrezon Manje ABCD a epi enfòme yo konsènan pwoblèm nan. N ap rezoud pwoblèm nan epi n ap kenbe w enfòme sou pwochen etap yo. N ap toujou fè aranjman pou kliyan nou yo nan mezi nou kapab.

Kiyès pou m kontakte si m genyen nenpòt kesyon, kòmantè oswa enkyetid?

Tanpri rele liy telefòn dirèk pwogram livrezon Manje ABCD a 617.348.6222 oswa nan imèl fooddelivery@bostonabcd.org

Èske nou ka fè aranjman pou divès lang?

Wi, nou ka fè aranjman pou divès lang. Nou genyen 1 manm pèsonèl ki pale Panyòl. Nou itilize yon sèvis tradiksyon nan telefòn tou. Nou ka fè yon apèl konferans avèk ou, yon manm ekip Livrezon Manje a, ak yon tradiktè pou ede w. Si ou bezwen yon lang presi, tanpri fè ekip Livrezon Manje a konnen epi n ap fè aranjman pou demann ou an.

Kijan m ka aktyalize enstriksyon pou livrezon m nan?

Si ou ta renmen aktyalize enstriksyon pou livrezon ou an, tanpri kontakte ekip Livrezon Manje ABCD a nan telefòn oswa nan imèl. Ba nou enstriksyon ou ta renmen Stop & Shop swiv yo lè y ap livre manje ou an.

Kijan m ka aktyalize enfòmasyon kontak oswa adrès livrezon m nan?

Si ou bezwen aktyalize enfòmasyon kontak oswa adrès livrezon ou an, tanpri kontakte Pwogram Livrezon Manje ABCD a nan telefòn oswa nan imèl. Ban nou enfòmasyon ki ajou yo epi n ap aktyalize dosye nou yo jan sa dwe fèt la.

Kisa m dwe fè si m ta renmen yo retire m nan pwogram nan?

Tanpri rele liy telefòn dirèk pwogram livrezon Manje ABCD a 617.348.6222 oswa voye yon imèl bay fooddelivery@bostonabcd.org. Youn nan espesyalis lojistik yo ap kapab ede w. Si nou ka fè chanjman pou amelyore pwogram nan pou ou, tanpri fè nou konnen.